



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$438.000 POU SIPÒTE PWOGRAM ANTIPOVRETE NAN ZÒN ROCHESTER

Komisyon Eta a sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè ap Mande Apèl Dòf pou Pwogram AmeriCorps pou Konbat Povrete

Gouvènè Cuomo jodi a te anonse gen \$438.000 pou sipòte nouvo pwogram AmeriCorps kap konbat povrete ak inegalite nan zòn Rochester. Pwogram ki benefisye bourad lajan pral konplete travay Rochester Anti-Poverty Task Force Gouvènè a atravè plis posiblite pou jwenn sèvis enpòtan anpil pou moun ki nan nesese, tankou swen pou timoun, swen sante, fòmasyon pwofesyonèl ak ankadreman pou jenn moun, ansanm ak pwomosyon pou bon kalte edikasyon, aktivite kont grangou ak sityasyon sanzabri atravè Konte Monroe.

“Grasa investisman nan òganizasyon kominotè kap ede sila yo ki gen bezwen tout bagay depi nan swen timoun rive nan fòmasyon pwofesyonèl, n ap franchi yon etap enpòtan nan lit kont povrete a” te deklare Gouvènè Cuomo. “Angajman sivik se youn nan pati pi enpòtan yon ekwasyon lè sa gen pou wè ak batay kont yon sosyete ak fòs kote. Bourad lajan sa pral kore gwoup ki pap fè lajan nou yo pandan y ap travay pou ogmante opòtinite atravè zòn Rochester a, epi m ankouraje tout moun ki enterese pou yo mete ak nou nan pote yon lòt bagay nan lavi popilasyon an.”

Se New York State Commission on National and Community Service kap resevwa demann pou bourad lajan.

“Nou fyè pou n ede travay Rochester Anti-Poverty Task Force Gouvènè a,” te deklare Linda Cohen, Direktè Egzekitif NYS CNCS. “AmeriCorps pare pou l reyalize kèk bagay, rezoud pwoblèm epi satisfè bezwen ki se pat sa tap rete konsa. Jan Gouvènè Cuomo di l la, bezwen sa yo vinn pi ijan ankò nan Rochester ak Konte Monroe. N ap pote enèji ak resous AmeriCorps yo nan kominote sa yo pou ede takle gwo defi tankou timoun pòv ak povrete nèt ale, epi pou ede kanmarad Nouyòkè nou yo pandan y ap soti nan povrete epi kreye plis opòtinite pou yo ak fanmi yo.”

Yon reyinyon ak moun kap reponn apèl dòf la pral fèt jou ki madi 14 avril la nan SUNY Rochester Educational Opportunity Center (Multi Purpose Room), 161 Chestnut St., Rochester, ant 10 a.m. ak 12 p.m. Pou anrejistre pou reyinyon ak moun kap reponn

apèl dòf la, gade RFP a epi pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sit entènèt NYS CNCS la, newyorkersvolunteer.ny.gov. Pwopozisyon yo fèt pou rive anvan 5è nan apre midi jou ki 4 me 2015 lan.

Depi lane 1994, plis pase 72.000 manm AmeriCorps nan New York reyalize plis pase 110 milyon èdtan sèvis. **NYS CNCS**, yon komisyon Gouvènè a te nonmen, sèvi ak pouvwa AmeriCorps pou rezoud kèk nan pi gwo pwoblèm eta a, epi ankouraje sitwayen pou yo pote chanjman nan lavi vwazen yo. Manm AmeriCorps Eta chanje lavi Nouyòkè yo nan amelyore lekòl, konbat povrete, pote sekou a moun yo ki malad, pwoteje anvwonman, epi sipòte veteran ak fanmi militè yo.

Kèk Enfòmasyon sou Komisyon Eta New York la sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè

NYS CNCS -- Volontè Nouyòkè ap chèche pou amelyore lavi, ranfòse kominote, epi favorize angajman sivik atravè sèvis ak volontarya nan Eta New York. Se ak yon Dekrè Egzekitif Gouvènè a te kreye l nan lane 1994, epi l ap jere pwogram ki gen bourad lajan National Community Service Trust Act of 1993, san bliye pwogram AmeriCorps State ak Pwogram Bous Edikasyon AmeriCorps. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou newyorkersvolunteer.ny.gov, "[like](#)" [NYS CNCS sou Facebook](#), oswa swiv [@NYersVolunteer](#) sou Twitter.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418